
PRENTAN
2022
NEW YORK
STATE OF
OPPORTUNITY.
Battery Park
City Authority

LENDI-MADI

EKSPOZISYON ATISTIK ÀNYÈL 2022 A ART ON VIEW*

1-3PM, 01 MAS – 29 MAS

N envite tout moun vini ak jwi travay atistik yo kreye nan pwogram ke Battery Park City Authority prezante yo.

EKSPOZISYON ÀNYÈL SOU LÈZA VITYÈL 2022 A

Vin jwi yon galri travay atistik vityèl patisipan yo nan pwogram atistik BPCA yo kreye. Ou kapab gade prezantasyon videyo sa a nan Art on View nan 6 River Terrace ak sou kanal YouTube BPCA a.

Eskane kòd QR la avèk aparèy entelijan w lan pou gade Kanal YouTube BPCA a.



Jane D. Schwartz, *Another Critter (Yon Lòt Bèt)*

MADI **01** MAS

CHA MADIGRA PARKHOUSE

3-4PM, ROCKEFELLER PARK HOUSE

Fè yon ti pase pou yon moman Madigra espesyal andedan lakou nou an menm! Pou selebre Madi Gra, pèsonèl BPCA a pral transfòme Rockefeller Park House an yon "Cha" estil Nouvèl Òleyan k ap selebre biyodivèsite nan Battery Park City. Ap gen pwojè atistik, mizik, ak yon anbyans fèt.




* Vil New York egzije pou ou vaksinen kont Covid-19 pou w antre. Pou plis enfòmasyon, ale sou; nyc.govKeytoNYC

JEDI **03** MAS

SINEMA ANE 70 YO: AN UNMARRIED WOMAN

7PM, YON PWOGRAM VITYÈL

Pou selebre Mwa Listwa Fanm yo, n ap prezante *An Unmarried Woman* (1978, Paul Mazursky). Yon fanm rich ki sòti nan Upper East Side Manhattan kòmanse piti piti ap re-evalye lavi li epi ap eksplore libète li fèk jwenn nan apre 16 ane maryaj li yo vin fini nan doulè.
Ou dwe enskri nan: registration@bpca.ny.gov



Eskane kòd QR la avèk aparèy entelijan w lan pou enskri pou gade *An Unmarried Woman* sou Eventive.

JEDI **10** MAS

NAN KOULIS: KREYASYON DOKIMANTÈ SOU TRAVAY ATISTIK PIBLIK NAN BATTERY PARK CITY*

1PM, 6 RIVER TERRACE (OSWA VITYÈLMAN SOU ZOOM)

Avèk sineyas ak montè **Nick Buffon** ak direktè **Abby Ehrlich**. Prezantasyon nouvo dokimantè kout sou gwo travay atistik ane 1980 rive ane 2020 yo avèk paregzanp *South Cove*, *The Real World (Mond Reyèl la),* ak *Hurricane Maria Memoria (Memwa Siklòn Maria).* Filme sou plas ak nan atelye avèk atis Mary Miss, Tom Otterness, Segundo Cardona, ak Antonio Martorell.
Ou dwe enskri nan: registration@bpca.ny.gov

SAMDI **12** MAS

AVANTI DEYÒ: RANKONTRE YON NATIRALIS LAVIL

11AM, RANKONTRE NAN MOND REYÈL LA NAN ROCKEFELLER PARK

Pou selebre Mwa Listwa Fanm nan, vin jwenn edikatè sou lanati yo **Julie Flores** ak **Marieke Bender** pou yon pwonmnad nan Rockefeller Park. Diyo fanm sa a pral prezante pwendvi san parèy yo a sou edikasyon sou anviwònman ak prezèvasyon aktif, pou fè mond natirèl la pi aksesib epi ankouraje tout moun dekouvri lanati.

JEDI **24** MAS

TI KOZE SOU LÈZA: SALVADOR DALI NAN ETAZINI*

1PM, 6 RIVER TERRACE (OSWA VITYÈLMAN SOU ZOOM)

Atis sireyalis Dali te fè premye vwayaj li nan Etazini an 1934 e rapidman li te fè ekspozisyon plen siksè, te travay nan domèn lamòd ak bijoutri, e te kreye yon kay pou Ekspozisyon Mondyal 1939 la. Li te kolabore avèk Metropolitan Opera, epitou avèk Hitchcock, Disney, ak Frè Marx yo. Menm jan ak anpil atis ewopeyen li te pase ane lagè yo nan egzil nan Etazini, e pi ta li te retounen nan Vil New York pou nouvo avanti. Yon prezantasyon sou Zoom avèk istoryèn lèza **Silvia Laudien-Meo**.
Ou dwe enskri nan: registration@bpca.ny.gov

* Vil New York egzije pou ou vaksinen kont Covid-19 pou w antre. Pou plis enfòmasyon, ale sou; nyc.govKeytoNYC

SAMDI **26** MAS

KAN COOPERSTOWN BPC AN
11AM-1PM, ROCKEFELLER PARK
OU DWE ENSKRI, PA GEN ANPIL PLAS

New York Empire Baseball ap chanje mond ansèyman ak antrènman nan bezbòl la nan montre konfyans nan jwèt la gras a preparasyon avanse. Aprann teknik ak egzèsis ki konsantre sou ogmante rannman jwè a. Pral gen kout sikwi kanmenm! Pou laj 6-10 an. Ou dwe enskri nan: registration@bpca.ny.gov



JEDI **31** MAS

TI KOZE SOU LÈZA: DANIEL CHESTER FRENCH AK BIWO LADWÀN ETAZINI HAMILTON NAN*
1PM, 6 RIVER TERRACE (OSWA VITYÈLMAN SOU ZOOM)

Ansyen Biwo Ladwàn Ameriken an, ki se kounye a Mize Nasyonal Endyen Ameriken an, chita nan pye Broadway, bò Battery an. Pou tout moun ki renmen Travay Atistik Piblik li enposib pou pase san ou pa eksplore eskilti enteresan Daniel Chester French yo ki reprezante alegori kat kontinan. Yon prezantasyon sou Zoom avèk istoryèn lèza **Silvia Laudien-Meo**. Ou dwe enskri nan: registration@bpca.ny.gov

SÈTEN SAMDI

PWOGRAM POU FANMI NAN THE SKYSCRAPER MUSEUM*
10:30AM, 39 BATTERY PLACE

Pwogram pou fanmi The Skyscraper Museum nan yo ofri aktivite pratik ki konsantre sou ibanis, anviwònman bati an, ak apwòch pou dirabilite ak rezistans. Pwogram yo gratis, men fòk ou enskri. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon ak lyen pou enskri yo nan: skyscraper.org/family_programs/

05 MAS PWOCHEN ETAP LA, VIL NEW YORK! TOUT LAJ.

19 MAS MONOPOLY GRATSYÈL. POU LAJ OMWEN 6 ANE.

02 AVRIL, **16** AVRIL N AP ANONSE PWOGRAM NAN PI TA

Yon prezantasyon The Skyscraper Museum nan tèt ansanm ak Battery Park City Authority.

* Vil New York egzije pou ou vaksinen kont Covid-19 pou w antre. Pou plis enfòmasyon, ale sou; nyc.govKeytoNYC

SAMDI **02** AVRIL

ATELYE POU FANMI NAN SAMDI: RÈV S.T.E.A.M.
11AM-12:30PM, TEREN BASKÈTBÒL ROCKEFELLER PARK LA

N envite timoun yo vin aprann S.T.E.A.M (Syans, Teknoloji, Enjeniri, Lèza ak Matematik) nan fwa espesyal sa a k ap fèt deyò e k ap gen ladan aktivite orijinal ak yon atelye entèraktif **Mad Science**, ak mizik **DJ Susan Z. Anthony.**



JEDI **07** AVRIL

SINEMA ANE 70 YO: WAKE IN FRIGHT
7PM, YON PWOGRAM VITYÈL

Wake in Fright (1971, Ted Kotcheff) ap rakonte istwa yon pwofesè lekòl anglè ki tonbe nan yon dekourajman pèsonèl poutèt vakabon sou, deranje pandan li pèdi nan yon ti vil andeyò nan Ostrali. Ou dwe enskri nan: registration@bpca.ny.gov

Eskane kòd QR la avèk aparèy entelijan w lan pou enskri pou gade *Wake in Fright* sou Eventive.

SAMDI **16** AVRIL

PAWÒL ATIS AK SELEBRASYON KLOTI MILDRED HOWARD: THE HOUSE THAT WILL NOT PASS FOR ANY COLOR THAN ITS OWN (KAY KI P AP PASE POU ANKENN KOULÈ APA PA LI AN)
4-6PM, BELVEDERE PLAZA

Vin di enstalasyon eskilti *The House That Will Not Pass For Any Color Than Its Own (Kay Ki P Ap Pase Pou Ankenn Koulè Apa Pa Li An)* orevwa anvan li kite Battery Park City pou retounen lakay li nan Sacramento. Fèt kloti an ap gen pawòl atis **Mildred Howard,** lekti pwezi **Quincy Troupe** nan dènye liv li an, *Duende: Poems, 1966 – Now*, ak mizik òkès.

SAMDI **30** AVRIL

LANATI NAN PWEZI
2PM, RANKONTRE NAN ROCKEFELLER PARK HOUSE

Pou selebre Mwa Pwezi an, vin jwenn Powèt/Pwofesè Literati **Jon Curley** nan yon vizit refleksyon sou kijan espas vèt BPC yo reflete yon eksperyans pasyone.



SEMÈN LATÈ NAN BPC

18 AVRIL - 24 AVRIL

SEMÈN LATÈ NAN BPC

CHAK JOU, PWOGRAM IBRID

Battery Park City Authority ap selebre pandan tout yon semèn Semèn Latè 2022 a. Vin jwenn nou pou aktivite vityèl ak an pèsonn, tankou; preparasyon konpòs nan Battery Park City, inisyativ dirabilite, ak aktivite ki bon pou latè. Gade kanal medya sosyal nou yo chak jou pou jwenn plis enfòmasyon: instagram.com/bpcparks, facebook.com/batteryparkcityparks, twitter.com/bpca_ny e pa bliye paj Battery Park City Wildlife la sou iNaturalist pou rasanble done, jwenn nouvèl sou aktivite yo, ak lòt fason enteresan pou patisipe nan suiv biyodivèsite BPC an!

MADI 19 AVRIL

KONVÈSASYON MADI: MYÈL LOKAL*

6:30PM, 6 RIVER TERRACE

OU DWE ENSKRI, PA GEN ANPIL PLAS

Vin jwenn nou pou yon demonstrasyon nan fè manje epi pou pale sou mèvèy myèl lokal la. Yon chèf-kizinye **Institute of Culinary Education** pral ofri yon ti goute epi bay konsèy sou kijan pou mete dous natirèl sa a nan manje toulejou. Y ap bay patisipan yo yon bokal echantiyon Myèl BPC pou yo eseye lakay yo.

JEDI 21 AVRIL

RANKONTRE APIKILTÈ A

1:30–2:30PM, PLANT CHAMBERS STREET YO, ROCKEFELLER PARK

Vin jwenn nou pou yon demonstrasyon ak yon konvèsasyon avèk **Alvéole: The Urban Beekeeping Company** nan nich myèl nou an nan Rockefeller Park. Aprann enpòtans apikilti lavil ak avantaj li pote pou efò dirabilite yo nan BPC and ak nan tout vil la.

VANDREDI 22 AVRIL

OUVÈTI TRAVAY ATISTIK PIBLIK: SHULI SADÉ BIRD'S-EYE VIEW TRAVELOGUE (JOUNAL VWAYAJ AK VI ZWAZO)

5PM, BELEVEDERE PLAZA

Viv *Bird's-Eye View Travelogue (Jounal Vwayaj ak Vi Zwazo)*, yon travay atistik reyalite ogmante (AR) inovatè teknolojik ak atis vizyèl **Shuli Sadé**. Pyès la jwenn enspirasyon nan deplasman ak mouvman bò Rivyè Hudson nan nan kad etid enteresan anpil sou migrasyon zwazo ak imigrasyon moun. Ap gen gid teknoloji sou plas pou ede vizitè yo sèvi ak telefòn entelijan yo pou gade nouvo travay atistik la.

SAMDI 23 AVRIL

ATELYE POU FANMI NAN SAMDI: SELEBRASYON JOU LATÈ

11AM-12:30PM, ROCKEFELLER PARK

Pou selebre Jou Latè, n ap pran enspirasyon nan pratik *Mottainai* nan peyi Japon ki ankouraje tout moun pou yo fè atasyon pa gaspiye. Kreye epi montre yon travay atistik ochiba epi jwi yon espektak tanbou avèk **Taiko Masala.**

11AM: PWOJÈ ATISTIK

11:45AM: KONSÈ POU FANMI

PWOGRAM POU GRANMOUN

CHAK LENDI
07 MAS - 25 AVRIL

EGZÈSIS AN GWOUP POU GRANMOUN AJE*

10:30–11:30AM, 6 RIVER TERRACE

Ranfòse tout kò a depi nan chofe rive nan refwadi avèk yon varyete egzèsis enteresan. Enstriktè a pral gide ou nan egzèsis ayewobik, ekilib ak kowòdonasyon, epitou nan antrènman miskilè.

CHAK VANDREDI
04 MAS - 29 AVRIL

TAI CHI*

8:30–9:30AM, 6 RIVER TERRACE

Amelyore fòs ak konsantrasyon ou gras a yon ansyen disiplin chinwa ki gen ladan mouvman meditasyon ak ti egzèsis.

* Vil New York egzije pou ou vaksinen kont Covid-19 pou w antre. Pou plis enfòmasyon, ale sou; nyc.govKeytoNYC

CHAK MADI
01 MAS - 26 AVRIL

ZUMBA POU GRANMOUN*

10:30–11:30AM, 6 RIVER TERRACE

Egzèsis degize! Vin pran plezi ou avèk koregrafi dans latin fasil pou suiv epi an menm tan travay sou ekilib ou, kowòdonasyon ou, ak anplè mouvman ou. Vini pare pou yon kou chofe, yon ti antrènman miskilè, ak anpil plezi.

CHAK MÈKREDI
02 MAS - 30 AVRIL

ETID AK EKSPLORASYON ATISTIK*

2–4PM, 6 RIVER TERRACE

Vin jwenn nou pou yon seri leson ki fèt pou granmoun ki enterese nan amelyore eksperyans atistik yo. N ap bay materyo yo e n ankouraje atis yo pote sipò yo pi pito yo. Ou dwe enskri nan: registration@bpca.ny.gov



CHAK MADI
15 MAS - **12** AVRIL

JADINAJ NAN KÒMANSMAN PRENTAN

3–4PM, JADEN POU TIMOUN NAN, ROCKEFELLER PARK

OU DWE ENSKRI, PA GEN ANPIL PLAS

Selebre prentan nan fouye ak plante nan Jaden Timoun nan. Aprann dirèkteman pratik ekolojik yo ak kijan pou fè konpòs. Pou timoun ki renmen lanati ak lè yo sal kò yo!
Pou laj 6-10, ou dwe enskri nan: registration@bpca.ny.gov



* Vil New York egzije pou ou vaksinen kont Covid-19 pou w antre. Pou plis enfòmasyon, ale sou; nyc.govKeytoNYC

PWOGRAM NAN ETE K AP VINI AN
11 JIYÈ - **29** JIYÈ

AVANTI NAN LANMÈ POU ADOLESAN*

9AM–1PM, 200 RECTOR PLACE

OU DWE ENSKRI, PA GEN ANPIL PLAS

Vin jwenn yon gwoup adolesan ak kè kontan k ap chèche eksplore anviwònman lanmè Pò New York la. Pratike pèch ak kàn epi viv eksitasyon lapèch pran-lage. Vizite òganizasyon maritim nan Vil New York, aprann sou pwoteksyon anviwònman ak efò prezèvasyon k ap fèt yo nan vil ou a! Kòm gwoup, n ap aprann konn youn lòt, fè travay atistik, epi rasanble done k ap kontribye nan konpreyansyon nou sou sante dlo lokal nou yo!

Pou elèv laj 11-16 an. $400 pou 3 semèn, $150/semèn. Resous yo ladan, gen bous disponib. Enskripsyon ouvè kounye a, tanpri voye imèl pou: registration@bpca.ny.gov




SANT KOMINOTÈ A NAN STUYVESANT HIGH SCHOOL AP RE-OUVÈ NAN PRENTAN 2022*

Sant Kominotè a se yon resous bon mache ak fasil pou aktivite rekreyatif, espò, natasyon, ak egzèsis fizik. Abònman ànyèl la pou rezidan Battery Park City yo kòmanse a sèlman $179, avèk lòt rediksyon pou timoun, granmoun aje, ak militè aktif. Ale sou www.bpca.ny.gov oswa voye yon imèl pou: communitycenter@bpca.ny.gov pou enfòmasyon ak dènye nouvèl yo.



* Vil New York egzije pou ou vaksinen kont Covid-19 pou w antre. Pou plis enfòmasyon, ale sou; nyc.govKeytoNYC

KAY JEWOGRAFIK BATTERY PARK CITY



NEW YORK STATE OF OPPORTUNITY.

Battery Park City Authority

75 Battery Place
New York, NY 10280
212-267-9700
www.bpca.ny.gov
facebook.com/batteryparkcityparks
twitter.com/bpca_ny
instagram.com/bpcparks

Enprime sou papye san klò 100% resikle avèk lank soja ak vejetal